

# M ap li nèt ale


## Liv Elèv Kreyòl

Tòm 1

Dezyèm  
ane



**USAID** | **AYITI**  
ÈD PÈP AMERIKEN



Ministère de l'Éducation Nationale  
et de la Formation Professionnelle



# M ap li nèt ale

# Liv Elèn Kreyòl

Tòm 1

Dezyèm  
ane



( Leson 1 – 45 )



# Remèsiman espesyal

Metòd « M ap li nèt ale » se rezilta èd pèp ameriken an bay Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pa mwayen pwojè ToTAL (Tout Timoun Ap Li). Se RTI Entènasyonal k ap egzekite l pou USAID/ Ayiti.

Metòd « M ap li nèt ale, 2èm ane » a te jwenn konkou anpil moun pou l ka rive reyalize. Yo te pote kontribisyon yo nan konsepsyon ak elaborasyon materyèl la, nan fason yo te soutni travay la ak nan konsèy yo te bay. Se poutèt sa n ap remèsye espesyalman :

## Moun ki te patisipe nan elaborasyon ak konsepsyon materyèl la :

- Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES, Spécialiste du développement des matériels de Créole, USAID/ RTI/ ToTAL
- Reginald Calixte BRICE, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Jovanny VINCENT, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Standley KETAN, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Stéphanie-Ingrid R. MOLEON, Educatrice/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Walph Ferentzi YOYOU, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Marky JEAN-PIERRE, Consultant, RTI
- Emmanuel Michel BAZILE, Expert Linguiste, Ancien DG du MENFP, Consultant, USAID/ RTI (Editing)
- Pierre Michel LAGUERRE, Expert Linguiste, Ancien DG du MENFP, Consultant, USAID/ RTI (Editing)
- Jerry Rosembert MOISE et Mitchell Pierre, Illustrateurs, Consultants, USAID/ RTI/ ToTAL
- Laurette CUPIDON, Curriculum Development Manager, RTI/ ToTAL
- Josette GABOTON, Consultant, DEF/ EPT-BM
- Lionel HOGU, Consultant, DEF/ MENFP
- Françoise BENOÎT, DFP/ MENFP
- Zulda DUBOIS, DFP/ MENFP
- Volvick Germain CHARLES, Directeur, DEF/ MENFP
- Claudin SAINT- JOUR, Chef de service du Curriculum et formation, DEF, MENFP
- Jean Wilner Janvier (DEF/ MENFP)
- Chantal Roques (Consultante au MENFP)
- Claude Hebert Antoine (FONHEP)
- Jean Julien Ladouceur (CEEC)
- Jocelyne Trouillot (Université Caraïbe)
- Darline Alexis (Université Quisqueya)
- Charles Tardieu (Editions Zemès)

## Moun ki te soutni ak bay konsèy

- Loretta GARDEN, USAID
- Fabiola LOPEZ-MINATCHY, USAID
- Hervé JEAN-CHARLES, USAID
- Ronald JEAN-JACQUES, COP, RTI/ ToTAL
- Andrew JOHNSTON, DCOP, RTI/ ToTAL
- Mary DENAUW, Consultant, USAID/ RTI
- Jean-Baptiste Michel BEL
- Filocie JEAN
- Roseline DORMÉUS
- Ezechias VILUS
- Damas AUGUSTIN
- Emmanuel FILIPPI
- Dieudonne JOSEPH
- Jean Daniel CLEDOR
- Alius JOSEPH

<b>Ecole</b>	<b>Departement</b>	<b>Commune</b>	<b>Nom du directeur</b>
Ecole Lumière Divine	Nord	Quartier Morin	Pierre Arnol
Ecole Nationale de Quartier Morin	Nord	Quartier Morin	Augustin Suza
Ecole Nationale Serge Luckecsy	Nord		Carole Antoine
Ecole Nationale Galman du Plat	Nord	Quartier Morin	Bernadette Magloire
Ecole Nationale Marcelin Prophète G. du Plat	Nord	Quartier Morin	Jasmine Magloire
Institut Scheche	Nord	Limonade	Modelaire Elminor
Ecole Maria Montessori	Nord	Limonade	Gesner Dieudonne
Ecole Eben-Ezer de Limonade	Nord	Limonade	P. Jecton Cerant
E.N.A.L.M Sabanon	Nord	Limonde	Jany Charles
Collège Evangélique Nouvelle Espérance	Nord	Limonde	René Julcoeur
Oeuvre humanitaire de Bois de Lance	Nord	Limonade	Décès Bien-Aimé
Ecole Nationale Eudes Jn Baptiste	Nord	Limonade	Jean Marie Charles
Ecole Nationale Claudius Codada	Nord	Limonade	Obéi Tony
Ecole Nationale de Cahess	Nord-Est	Caracol	Morisseau Augustin
S.E.H	Nord-Est	Caracol	Jean Mirvil
Rayaume des Petits	Nord_Est	Trou du Nord	Marseille Vernet
Ecole Nationale Jn Price Mars	Nord-Est	Trou du Nord	Eline Saint-Cléris
Ecole Nationale de Garcin	Nord-Est	Trou du Nord	Pierre Harry Jean Baptiste
Ecole Nationale de Devarenes	Nord-Est	Trou du Nord	Ida Fénéus
Collège Eben-Ezer de Trou-du-Nord	Nord-Est	Trou du Nord	Fellippe Elie
Nationale de Pister	Nord	Limonade	Moise Lesly

# Sa ki nan liv la

Leson 1	2	Leson 24	36
Leson 2	3	Leson 25	38
Leson 3	4	Leson 26	40
Leson 4	5	Leson 27	42
Leson 5	6	Leson 28	44
Leson 6	7	Leson 29	46
Leson 7	9	Leson 30	48
Leson 8	10	Leson 31	50
Leson 9	12	Leson 32	52
Leson 10	13	Leson 33	54
Leson 11	15	Leson 34	56
Leson 12	16	Leson 35	58
Leson 13	18	Leson 36	60
Leson 14	19	Leson 37	62
Leson 15	21	Leson 38	64
Leson 16	22	Leson 39	66
Leson 17	24	Leson 40	68
Leson 18	25	Leson 41 Revizyon	70
Leson 19	27	Leson 42 Revizyon	72
Leson 20	28	Leson 43 Revizyon	74
Leson 21	30	Leson 44 Revizyon	76
Leson 22	32	Leson 45 Revizyon	78
Leson 23	34		

# Leson 1

M ap lave men m anvan mwen manje.



lopital



mis



Mwen se yon gwo kay.

Mwen resevwa tout moun ki malad :

Granmoun, jèn moun ak timoun.

Se la tout doktè ak enfimyè travay.

Mwen se \_\_\_\_\_.



Lila      Ali      la      mis      ban      sante  
doktè      piki      lopital      lave




Mis Lila konsilte Ali.

Ali remèsye mis la.




## Leson 2

M ap ede zanmi mwen.



machann



tab



Gade zo nan asyèt la !

Mwen renmen manje zo.

Woup ! Woup ! Woup !

Lajounen kou lannuit m ap siveye.

M ap siveye tout sa mèt mwen genyen.

Lè m wè yon moun m pa konnen mwen jape.

Mwen se \_\_\_\_\_.



pile gen peri bèf manje Emili

lapen etale chak Pamela



Pamela gen vyann bèf pou vann.

Machann nan ap pile epis pou li mete nan vyann nan.

# Leson 3

M ap respekte zafè moun.



pyèj



fanmi



Mwen se kouzen ak sourit.

Mwen manje tout sa mwen jwenn.

Mwen viv nan twou tè.

Mwen renmen mache lès wa.

Lènmi m se pèlen ak chat.

Mwen se \_\_\_\_\_.



lanp      poul      piman      viv      Ratatou

tande      bòs      ajenou      okipe      vin




Plim sou do Ratatou yo gri.


Lili okipe ak lanp la.

## Leson 4

M ap viv byen ak vwazinaj mwen.



panye



lajan



Yo ban m ti non dra blan paske mwen toujou la lè yon moun gen pwoblèm.

Mwen ede moun nan antouraj mwen.

Mwen abite kole lakay ou oswa anfans lakay ou.

Mwen se \_\_\_\_\_.



kès      pantouf      sèl      sale      pal  
santiman      rak      sous      sèke  
toupatou




Matou pa renmen lè manje li sale.

Chat Kalo a kouri toupatou nan lantouraj la.

# Leson 5

M ap pran swen plant yo.



sous



bokit



Gade ki jan mwen bèl !

Se mwen ki fè devan kay bèl.

Yo wouze mwen chak maten.

Myèl ak papiyon renmen poze sou mwen.

Yo sèvi avèk mwen pou fè dekorasyon.

Mwen se \_\_\_\_\_.



mouri      maten      oslè      pati      otèl  
plantè      ranpe      palmis      kouzen  
pye



Pola plante yon ti pye palmis.

Mantout mete oslè yo nan po a.

# Leson 6

M ap travay byen lekòl.



koup



meday



Mwen se chemen konesans.

Mwen montre moun li ak ekri.

Mwen louvri an septanm.

Mwen fèmen an jen.

Depi mwen louvri, tout timoun kontan.

Pwofesè, direktè ak elèv rankontre ansanm.

Mwen se \_\_\_\_\_.



yon nat meday akasan

konkou lekti koup bous

gras chanpyon



Pola chanpyon nan konkou lekti a.

Matid gen anpil lespri pou laj li.

# Yon konkou lekti



Pola se yon elèv dezyèm ane. Li travay byen lekòl. Semèn pase, te gen yon konkou lekti ki t ap fèt nan zòn nan. Plizyè lekòl te patisipe. Direktè lekòl Pola a te chwazi li pou ale nan konkou a. Konkou a kòmanse ! Tou pa Pola rive. Janm li ap tranble. Kè l ap kase. Pola kòmanse li. Jou sa a, Pola li tèlman byen, li genyen konkou a. Lekòl la te chanpyon. Tout kamarad nan klas li te bat bravo pou li. Direktè a te bay Pola yon kado.

## Kesyon


1. De kilès istwa a pale ?
2. Nan ki sa Pola te patisipe ?
3. Ki moun ki te chwazi Pola ?
4. Anvan konkou a kòmanse, kòman Pola te santi l ?

# Leson 7

M ap apresye sipò tout moun.



kiltivatè



jaden



Mwen se gran frè pitimi.

Yo moulen m apre sa yo manje mwen.

Tout moun renmen mwen lè m boukannen.

Akasan yo fè ak mwen se koupe dwèt.

Yo fè chanmchanm avèk mwen.

Mwen se \_\_\_\_\_.



bouton      wouze      plante      kòlè

pwa      twòp      wou      bwè

kiltivatè      bokit




Mouton an bwè yon ti bokit dlo.


Kiltivatè a plante pwa yo twò pre youn ak lòt.

## Leson 8

Fwi bon pou sante mwen.



fwi



legim



Mwen bay lonbray.

Mwen pwoteje mòn yo ak sous yo.

Lè van vante, mwen balanse agoch adwat.

Mwen ka donnen tout kalite fwi.

Si mwen pa la pa gen lavi.

Mwen se \_\_\_\_\_.



vann      legim      tèlman      kalite

fwi      fre      navè      grenye      yon

bètrav



Jil renmen manje bètrav ak kawòt.

Lina renmen manje fwi ak legim.



# Lama nan mache Kwabosal

Yon samdi maten,  
manman Lama di I :  
— Lama, n ap soti.  
San pèdi tan, Lama  
kouri al abiye I.  
Yo pran wout lavil.  
Lè Lama rive, li wè



plizyè kamyon k ap debake machandiz. Te gen tout  
kalite fwi ak legim. Lama te wè anpil moun k ap  
machande ak lòt k ap achte. Lama di Manman li :

— Ki non mache sa a ?

Manman li reponn :

— Sa a se mache Kwabosal. Se pi gwo mache nan vil  
Pòtoprens.


Nan pita, Lama rakonte tout zanmi li yo sa li te wè  
nan mache Kwabosal.

## Kesyon


1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki bò li te ale ?
3. Ki sa Lama te wè lè li te rive ?
4. Nan ki vil mache Kwabosal la ye ?

# Leson 9

M ap pwoteje tout zwazo.



nich



zwazo



Mwen renmen libète.

Mwen gen zèl pou m vole.

Mwen fè nich sou pyebwa.

Timoun renmen tann pyèj pou kenbe m.

Mwen se \_\_\_\_\_.



jwenn chèche jwèt janbe desann

dodin chasè bwa grandi nich



Jilbè ap chèche jwèt yo.

Chal prepare yon nich pou poul li yo.

# Leson 10

Kanaval se lajwa ak koulè.



kanaval



enstriman



Mwen se koulè ak lajwa.

Mwen fèt nan mwa fevriye.

Lè epòk mwen, cha pran lari.

Timoun kou granmoun degize.

Bann madigra ap monte desann.

Mwen se \_\_\_\_\_.



plezi      Wozlèn      degize      poze

anbyans      kanaval      prepare      bèl

zwazo      kanpe



Wozlèn degize byen bèl.

Mwa fevriye se epòk kanaval ann Ayiti.

# Woje renmen kanaval




Kanaval rive. Woje ap prepare li pou li ale fete. Premye jou kanaval la, li degize ak anpil bèl koulè. Tchatcha li nan men li. Chapo li sou tèt li. Li an penpan. Tout moun sou katye a kanpe ap gade li. Woje tèlman danse byen, yo rele li « Wa kanaval ».

## Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki kote li ta pral fete ?
3. Pou ki sa yo di Woje te an penpan ?
4. Ki jan yo rele Woje sou katye a ?

# Leson 11

M ap manje ak mezi.



zepi mayi



sourit



Ala bòzò mwen bòzò !

Mwen gen bèl moustach ak plim swa,  
epi mwen renmen bwè lèt.

Rat ak sourit menm, yo pa zanmi m ditou.

Mwen se \_\_\_\_\_.



zanmi      viv      pwa      men      tèlman  
moman      menm      twòp      vizite  
sourit



Anatòl al plante pwa.


Jaki mete menm chemiz ak papa li.

# Leson 12

Peyi mwen gen anpil bèl kote pou vizite.



plaj



montay



Mwen renmen vwayaje.

Mwen renmen vizite lòt vil ak lòt peyi.

Mwen renmen vizite bèl plaj,

plas, magazen, fò, elatriye.

Mwen renmen ale tout kote mwen pa  
konnen.

Mwen se \_\_\_\_\_.



plaj

kreyòl

sitadèl

touris

bèl

viv

palè

Okap

trè



Toma ap pale ak touris yo.

Antoni gen yon bèl kay bò yon plaj.

# Jina ak touris yo

Jina ap viv Milo.  
Depi li te tou piti,  
gran papa li te  
konn mennen li  
nan sitadèl la.  
Lè Jina vin pi  
gran, li toujou ale  
nan sitadèl la.  
Yon jou, pandan  
li chita anba mòn  
sitadèl la, kèk




touris vin parèt. Youn nan yo al pale ak Jina. Li sezi wè jan touris sa a konn pale kreyòl. Aa ! Li kontan ! Li rakonte touris yo istwa sitadèl la. Touris yo sezi wè jan Jina konn istwa sitadèl la byen.

## Kesyon


1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki kote gran papa li te konn mennen l ?
3. Ki moun ki te vin parèt pandan li te chita anba mòn sitadèl la ?
4. Pou ki sa li te sezi ?

# Leson 13

Sitadèl la se fyète mwen.



sitadèl



kanno



Mwen se yon vanyan gason.

Mwen se zansèt tout ayisyen.

Mwen te goumen pou endepandans Ayiti.

Mwen se premye anperè peyi a.

Mwen mouri 17 oktòb sou Pon Wouj.

Mwen se \_\_\_\_\_.



reveye mennen al mòn pandan

kèk matmwazèl san dwe pwoteje




Fredo mennen Jilyen vizite Fòlibète.

Lapli tonbe sou mòn nan.



# Leson 14

M ap mete men pou prepare fèt zòn mwen.



bourèt



bandwòl



Mwen se yon senbòl libète pou chak peyi.  
Chak maten mwen monte, chak apremidi  
mwen desann.

Mwen flote devan lekòl ak tout biwo leta.

Mwen gen koulè ble ak wouj.

Mwen se fyète chak ayisyen.

Mwen bezwen respè tout sitwayen.

Mwen se \_\_\_\_\_.



drapo      bandwòl      ble      wouj      fèt

lavèy      bourèt      netwaye      gen      kou



Timoun yo ap netwaye lakou a.

Machann manje a kuit ble jodi a.

# Fèt Pòmago pral rive



Makso te nan fon somèy. Bri ak vwa moun k ap pale fò nan lari a reveye li. Li sòti sou galri a. Li wè jèn fi kou jèn gason k ap netwaye lari a. Gen lòt menm k ap mete bandwòl. Makso mande :

— Pou ki sa tout aktivite sa yo ?

Yo reponn li :

— Ou pa konnen demen se fèt Pòmago !


San pèdi tan, Makso pran bourèt li. Tout moun an mouvman. Katye a bèl pou fèt Pòmago.

## Kesyon


1. De ki sa istwa a pale ?
2. Ki sa ki te reveye Makso ?
3. Ki aktivite ki te gen nan lari a ?
4. Ki sa Makso te fè ?

## Leson 15

Mwen ka reyalize anpil bagay ak pasyans.



gidon



bisiklèt



Mwen se yon konstriksyon.

Yo fè mwen ak tout kalite materyo,  
ak planch, ak fè oswa an beton.

Lè yon moun bezwen janbe yon kanal,  
yo pase sou do mwen.

Lè dlo desann, se mwen ki bay tout moun  
pasaj.

Mwen se \_\_\_\_\_.



ri pasyans aprann bisiklèt so  
kontinye tèlman fò kèk mwen




Ton Jan gen anpil pasyans.  
Mako ap fè desen.

# Leson 16

M ap kenbe lari a pwòp.



lari



otobis



Mwen se salon pèp la.

Mwen pèmèt machin, moto kouri.

Gras ak mwen tout moun ka sikile.

Fatra ak gwo lapli pa zanmi m.

Si mwen pa la, moun p ap ka ale okenn kote.

Mwen se \_\_\_\_\_.



lari pwòp sitwayen kwen

maten mi wouze respekte

jou tèt



Janèt respekte granmoun.

Vandredi se jou mache nan plizyè zòn.

# Yon bon konsèy

Soni ak Polo t ap flannen sou katye a. Papi kenbe Soni. Li al fè l nan kwen yon kay. Polo di li :  
— Soni, ou pa dwe fè sa nan lari a. Soni pa okipe l. Se konsa, Man Kaliks vin parèt. Soni



pantan. Li jennen. Man Kaliks di :

— O ! O ! Soni, ou pa konnen yon bon sitwayen pa dwe papi nan lari.

Polo di Soni :

— Ou wè sa m t ap pale w la !

Depi jou sa a, Soni pa papi nan lari ankò.

## Kesyon

1. Kilès ki t ap flannen sou katye a ?
2. Ki sa Soni te fè ?
3. Èske Polo te dakò ak Soni ? Pou ki sa ?
4. Ki jan Soni te santi l lè li wè Man Kaliks ?

## Leson 17

Fè kòlè pa bon pou sante mwen.



fache



medikaman



Mwen parèt nan syèl chak maten.

Mwen klere sèlman lajounen.

Tout moun renmen lè mwen la.

Mwen seche rad mouye.

Pèsòn pa renmen lè mwen twò cho.

Lè swa pèsòn pa wè m.

Mwen se \_\_\_\_\_.



nasyonal      jwe      pandan      gòl

mennen      sèl      kòlè      wè      sante

saj




Melani ale nan sant sante a.

Tant Mari renmen timoun saj.

# Leson 18

Mwen renmen peyi mwen.



Kat Ayiti



Tousen



Mwen fèt nan peyi Itali.

Mwen soti nan peyi Espay ak plizyè zanmi.

Mwen se yon gwo kapitèn bato.

Se mwen ki te debake ann Ayiti nan dat  
5 desanm 1492.

Mwen se \_\_\_\_\_.



ane viv seksyon etranje fyè  
rakonte renmen bon modèl  
nan



Kali renmen rakonte istwa.

Pyè ap viv nan peyi etranje.

# Mariz renmen koute istwa

Mariz ap viv Mòlèt. Manman li se pwofesè lekòl. Chak apremidi, manman Mariz toujou li yon istwa pou li. Yon lendi apremidi, manman li gripe. L ap touse. Mariz di manman l :

— Li pou mwen non !

Manman li reponn :

— Mwen pa santi mwen byen pitit mwen. M a li pou ou demen.

Mariz di :

— Tanpri manman, li yon ti istwa pou mwen non.

Finalman, manman li deside li yon istwa sou Desalin ak Kristòf. Lè Mariz fin koute istwa a, li fyè pou li di :

— Mwen se ayisyen.



## Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki kote l ap viv ?
3. Ki sa Mariz konn fè chak vakans ?
3. Ki lè manman Mariz toujou li istwa pou li ?
4. Ki sa manman Mariz te genyen yon jou ?



# Leson 19

Mèsi se yon ti mo enpòtan.



larivyè



rad



Mwen se yon chèz,  
men mwen pa menm jan ak tout chèz :  
Mwen se yon chèz espesyal.  
Timoun kou granmoun  
renmen chita sou mwen  
Mwen ka balanse tankou yon balanswa.  
Mwen se \_\_\_\_\_.



kèlkeswa    larivyè    rad    vòltije  
van    silvoulè    nan    pou    gwo  
aprann



Vensan ap pase rad li yo.  
Timoun yo ap aprann konte.

## Leson 20

Move tan ka detwi jaden.



granmoun



lapli



Mwen tonbe gout pa gout.

Depi mwen pral tonbe tan an maske.

Lè m ap tonbe tout moun kouri al pare.

Pafwa mwen mache ak van.

Pafwa mwen mache ak loray.

Mwen se \_\_\_\_\_.



Jak granmoun bannann tout  
meteyo boulvèse kòmanse gwo  
van sèk



Jozèf gen yon gwo chen.

Tant Zèt bouyi yon pat bannann.

# Ton Jak



Jak se yon granmoun ki rete Akayè. Li gen yon gwo jaden bannann. Se jaden sa a ki tout li. Ane sa a, meteyo anonse plizyè siklòn. Nouvèl sa a te boulvèse Ton Jak. Yon apremidi, tan an te mare. Lapli te kòmanse farinen. Loray ap gwonde. Gwo van ap soufle. Ton Jak te pè pou l pa pèdi jaden bannann li an. Chans pou li, move tan an pase san fè dega ! Ton Jak ap fè yon bon rekòt.

## Kesyon


1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki sa li plante nan jaden an ?
3. Ki nouvèl ki boulvèse Ton Jak ?
4. Ki jan Ton Jak te santi l lè move tan fin pase ?

# Leson 21

Zwazo renmen libète.



kalòj



zwazo



Mwen se yon bèt volay.

Mwen gen bèl plimay.

Mwen renmen chante.

Chak maten mwen chante koukouyoukou.

Depi mwen chante tout moun konnen li jou.

Mwen se \_\_\_\_\_.



plim      wouj      netwaye      bouke

vole      prizon      vin      ouvè      lib

vèt



Andreya mete yon plim jako nan chapo li a.

Malfini toujou vole wo.

---

## Jako jwenn libète li




### Prediksyon pa m


1. Li tit istwa a. Apre sa, reflechi sou sa ki pral pase nan istwa a.
2. Gade desen an byen. Apre sa, mande tèt ou sou ki sa istwa sa a pral pale.
3. Pataje ak kamarad ki bò kote w la sa ou panse ki pral pase nan istwa a.

## Leson 22

Mwen p ap jete fatra atè.



ban



poubèl



Mwen viv nan poubèl.

Pafwa yo fè fimye avèk mwen

Oswa yo boule m.

Pi gwo lènmi mwen se lapwòpte.

Lè mwen pa la lari a bèl.

Mwen se \_\_\_\_\_.



samdi

detann

plas

wè

bwè

boutèy

jete

tout

pwòp

ranmase



Riko ap detann li sou plas la.

Plas la pwòp.

# Yon ti detant



Samdi, Lora ak Jèvi al detann yo sou plas la. Yo chita anba yon pye sabliye. Pandan y ap bay blag, yo wè de timoun k ap bwè kola. Yon ti tan apre, men yo vid. Yo jete boutèy kola yo atè a. Menm kote a, Lora ak Jèvi al pale ak yo. Lora di yo :  
— Plas la se pou nou tout. An nou kenbe li pwòp. Timoun yo dakò. Youn nan yo bese pou ranmase boutèy yo. Li jete yo nan poubèl la. Apre sa, Lora, Jèvi ak de timoun yo tonbe fè lago.

## Kesyon

1. Kilès ki te al detann yo sou plas la ?
2. Ki kote yo te chita ?
3. Ki sa de timoun yo te fè ak boutèy kola vid yo ?
4. Pou ki sa Lora ak Jèvi te leve al pale ak timoun yo ?

## Leson 23

Men anpil, chay pa lou.



bis



kawoutchou



Mwen renmen pitit mwen yo.

Mwen pran swen yo lè yo malad.

Mwen ede yo.

Pitit mwen se de je nan tèt mwen.

Mwen se \_\_\_\_\_.



ede

zanmi

chofè

deside

pandan

bis

bri eklate

pàn

kontan



De zanmi yo ap monte nan bis la.

Yo te kontan ede chofè a.



---

## Yon vwayaj



### Prediksyon pa m

1. Li tit istwa a. Apre sa, reflechi sou sa ki pral pase nan istwa a.
2. Gade desen an byen. Apre sa, mande tèt ou sou ki sa istwa sa a pral pale.
3. Pataje ak kamarad ki bò kote w la sa ou panse ki pral pase nan istwa a.

## Leson 24

Mwen renmen lanati.



chasè



forè



Mwen pa machin, mwen pa moto.

Mwen mache sou dlo.

Depi ou bezwen vwayaje sou lanmè, mwen la.

Mwen mache ak vwal oswa ak motè.

Depi gen gwo van mwen panike.

Mwen se \_\_\_\_\_.



malfini      zwazo      chasè      gwo

fèt      pwoteje      banbile      bann

jou      parèt



Zwazo yo ap fèt fèt.

Lilyàn ap pwoteje pyebwa yo.

# Fèt nan bwa



Dimanch, gen gwo fèt nan Forèdèpen. Tout zwazo la : toutrèl, sèpantye, kaw, zòtolan... Pandan y ap banbile, yon chasè vin parèt. Menm kote a, yon bann malfini pati dèyè li. Youn ladan yo di li :  
— Ou pa gen dwa fè zwazo mal. Ou dwe pwoteje yo. Jou sa a, chasè a tou rete fete ak zwazo yo.

## Kesyon

1. Site twa nan bèt ki t ap patisipe nan fèt la ?
2. Ki kote fèt la t ap fèt ?
3. Ki sa chasè a te bezwen fè ?
4. Ki bèt ki te vin sove ti zwazo yo ?

## Leson 25

M ap evite fè kont.



kontan



antant



Mwen gwo, mwen lou.

Mwen gen anpil paj.

Mwen chaje ak mo.

Depi ou bezwen konn sa yon mo vle di,  
louvri mwen.

Tout moun sèvi avèk mwen pou jwenn  
definisyon.

Mwen se \_\_\_\_\_.



bri gran pwomèt okipe

kòmanse pyèj rèl ansanm

dekole kay



Tèlfò okipe nan kizin nan.

Lina pi gran pase Pyè.

---

## Antann nou




### Prediksyon pa m


1. Li tit istwa a. Apre sa, reflechi sou sa ki pral pase nan istwa a.
2. Gade desen an byen. Apre sa, mande tèt ou sou ki sa istwa sa a pral pale.
3. Pataje ak kamarad ki bò kote w la sa ou panse ki pral pase nan istwa a.

## Leson 26

M ap aji ak bon konprann.



kannal



wou



Mwen se yon jwèt.

Timoun pran plezi pou jwe m.

Timoun trase kawo atè pou yo jwe.

Yo sote sou mwen jis yo rive nan syèl.

1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9,10, syèl, weee !

Mwen se \_\_\_\_\_.



travèse      vakans      jaden      dlo

twòp      rekòt      menm      pran      wou

fouye



Rejin al pase vakans Akayè.

Wilyo pran kaye a.

# Yon gason total



Filipo se yon ti gason travayè. Depi vakans rive, li toujou al nan jaden ak papa li. Yon vandredi, lapli tonbe anpil. Dlo anvayi jaden mayi a. Papa li di :  
— Twòp dlo. M ap pèdi rekòt mayi a.


Menm kote a, Filippo pran yon wou. Li fouye yon rigòl pou dlo a ka kouri. Papa a kontan. Pitit li vanyan.

## Kesyon


1. De kilès istwa a pale ?
2. Èske li te yon ti gason parese ?
3. Ki kote li konn ale chak vakans ?
4. Ki sa ki te rive jaden mayi a aprè lapli a ?

## Leson 27

Mwen konnen sa mwen ka fè.



pwason



zandolit



Mwen viv nan dlo dous ak nan lanmè.  
Pechè fè nas, file zen pou yo kenbe mwen.  
Lè yo kenbe mwen yo manje mwen tout jan,  
yo bouyi m, yo boukannen m, yo fri m.

Mwen se \_\_\_\_\_.



zandolit      kòmanse      neye  
sove      jou      gen      vèt      ke  
pwomennen      pwason      di



Zandolit la ap mache sou pye gwayav la.  
Yon zòtolan poze sou ke cheval la.



---

## Zandolit manke neye




### Prediksyon pa m

1. Li tit istwa a. Apre sa, reflechi sou sa ki pral pase nan istwa a.
2. Gade desen an byen. Apre sa, mande tèt ou sou ki sa istwa sa a pral pale.
3. Pataje ak kamarad ki bò kote w la sa ou panse ki pral pase nan istwa a.

## Leson 28

Mwen renmen lekòl.



lekòl



soulye



Yo mete mwen nan tout lekòl.

Lè mwen pwòp mwen gen koulè vèt.

Lè mwen sal mwen gen koulè blanch.

Yo sèvi avè m pou ekri.

Pi bon zanmi m se lakrè ak bwòs.

Mwen se \_\_\_\_\_.



yè nan Labonte soulye

pran dekouraje nwa pye

wout



Renan gen yon soulye nwa.

Yè swa, Rita te al dòmi bonè.

# Polo pran wout lekòl




Yèswo, lapli tonbe nan komin Labonte. Maten an, malgre labou ak dlo, Polo decide al lekòl kanmenm. Polo pran wout la a pye. Soulye li plen ak labou. Pye li glise, li manke tonbe. Polo pa dekouraje. Li rive lekòl la kanmenm.

## Kesyon


1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki sa li decide fè ?
3. Ki sa ki rive li pandan li sou wout la ?
4. Pou ki sa li pa t dekouraje ?

## Leson 29

M ap okipe tèt mwen.



pwovizyon



cheval



Mwen fèt an bwa oswa an katon.

Tèt mwen gen koulè vèt oswa wouj.

Yo mete mwen nan bwat pou yo vann mwen.

Yo grate mwen sou bwat mwen pou m ka limen.

Yo sèvi avè m pou limen dife.

Mwen se \_\_\_\_\_.



bò bwadchenn pwovizyon Pyè  
retounen do reponn cheval tèt  
entelijan



Pyè kouvri do kay la ak tòl.

Ana fè bon jan pwovizyon.

---

## Yon cheval entelijan




### Prediksyon pa m

1. Li tit istwa a. Apre sa, reflechi sou sa ki pral pase nan istwa a.
2. Gade desen an byen. Apre sa, mande tèt ou sou ki sa istwa sa a pral pale.
3. Pataje ak kamarad ki bò kote w la sa ou panse ki pral pase nan istwa a.

# Leson 30

M ap pran ka bèt mwen yo.



chat



kabann



Ala bòzò mwen bòzò !

Mwen gen bèl moustach ak plim swa.

Epi mwen renmen bwè lèt.

Rat ak sourit menm, yo pa zanmi mwen ditou.

Mwen se \_\_\_\_\_.



anpeche

kouche

men

chat

wonfle

mimita

gen

tèt

sispann

bèl



Chat la bèl sou tèt pyebwa a.

Mimita sispann dòmi atè a.

# Kledò dòlote Mimita



Kledò gen yon chat gri ki rele Mimita. Depi lannwit rive, li vin kouche anba kabann Kledò a. Mimita wonfle fò anpil. Sa anpeche Kledò dòmi. Yon swa, Kledò mete Mimita kouche bò kote li. Li pase men l sou tèt li. Mezanmi ! Mimita sispann wonfle touswit.

Kledò di :


— Mwen jwenn sekrè a.

## Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki koulè Mimita ?
3. Ki kote li te konn dòmi ?
4. Pou ki sa Kledò pa t ka dòmi ?

# Leson 31

Mwen dwe gen bon konpòtman nan lari.



kodenn



lari



Mwen pèmèt machin, moto kouri.

Gras ak mwen tout moun ka sikile.

Fatra ak gwo lapli pa zanmi mwen.

Si mwen pa la, moun p ap ka ale okenn kote.

Mwen se \_\_\_\_\_.



poul travèse woy diskisyon

pye nan mezanmi enpòtan

kontinye men



Poul la manje tout mayi a.

Jowèl travèse lari a ak prekosyon.



---

## Poul ak Kana




### Prediksyon pa m

1. Li tit istwa a. Apre sa, reflechi sou sa ki pral pase nan istwa a.
2. Gade desen an byen. Apre sa, mande tèt ou sou ki sa istwa sa a pral pale.
3. Pataje ak kamarad ki bò kote w la sa ou panse ki pral pase nan istwa a.

# Leson 32

Mwen konn im nasyonal peyi m.



estad



fanatik



Mwen se chante nasyonal yon peyi.

Timoun aprann mwen nan lekòl.

Yo chante mwen lè y ap monte drapo.

Mwen se chante ki fè fyète tout sitwayen.

Mwen se \_\_\_\_\_.



yon

gwo

nasyonal

ant

fanatik

konnen

aprann

im

chante


match



Jakòb se fanatik baskètbòl.

Tout timoun kontan chante im nasyonal.

# Im nasyonal




Samdi aprèmidi, te gen yon gwo match foubòl ant Ayiti ak Kiba. Miyou te nan match la. Tout kiben yo te chante im nasyonal Kiba a. Lè fanatik Ayiti yo t ap chante im nasyonal Ayiti a, Miyou pa t ka chante, li pa t konnen l. Li te santi li jennen. Depi lè sa a, Miyou decide aprann im nasyonal peyi d Ayiti a.

## Kesyon


1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki kote li te ale samdi aprèmidi ?
3. Ki ekip ki t ap jwe ?
4. Pou ki sa Miyou te santi li jennen ?

# Leson 33

M ap viv byen ak lòt yo.



kloti



kabrit



Mwen renmen sote ak kouri.

Mwen gen bout ke.

Kòn mwen pa long.

Zèb se manje mwen pi renmen.

Mwen se kouzen mouton.

Lè m ap rele mwen fè : « bèèè »..

Mwen se \_\_\_\_\_.



boustabak

tan

debake

nan

entelijan

netwaye

pou

lè

amize

tann




Ana ap amize li ak lòt timoun yo.

Wili ap fè manje pou ti sè li a.

---

## De ti kabrit malen



### Prediksyon pa m

1. Li tit istwa a. Apre sa, reflechi sou sa ki pral pase nan istwa a.
2. Gade desen an byen. Apre sa, mande tèt ou sou ki sa istwa sa a pral pale.
3. Pataje ak kamarad ki bò kote w la sa ou panse ki pral pase nan istwa a.

# Leson 34

Mwen p ap koupe pyebwa.



plan



zile



Mwen bay lonbray.

Mwen pwoteje mòn yo ak sous yo.

Lè van vante, mwen balanse agòch adwat.

Mwen donnen tout kalite fwi.

Si m pa la, pa gen lavi.

Mwen se \_\_\_\_\_.



debwaze

sispann

tout

konsyans

dlo

kay

zòn

pou

pwoteje

anviwònman



Antoni sispann koupe pyebwa pou fè chabon.

Miryèl pran dlo pou wouze plant yo.

# An nou plante pyebwa



Nan zile Debwaze, sitwayen yo toujou ap koupe pyebwa. Malgre tout konsèy grann Mata, yo pa janm sispann koupe pyebwa yo. Yon jou, yon gwo lapli tonbe. Dlo ravaje tout zòn nan. Kay kraze, jaden devaste. Depi lè sa a, tout moun nan zòn nan deside plante pyebwa pou pwoteje lavi yo.

## Kesyon

1. Ki jan yo rele zile a ?
2. Ki sa moun nan zòn nan te konn fè ?
3. Ki sa ki te pase apre gwo lapli a ?
4. Pou ki sa yo te vin deside plante pyebwa ?

## Leson 35

Mwen itil moun nan katye m.



granmoun



peny



Mwen fèt an twal.

Mwen piti lè yo fèmen m.

Mwen gen yon manch pou yo kenbe m.

Pou konn enpòtans mwen, fòk gen lapli.

Woy men lapli ! Mete mwen sou tèt ou pou ou pa mouye.

Mwen se \_\_\_\_\_.



vandredi

granmoun

pye

mèt

sezisman

majistra

wè

Jàn

penyen

bouk



Nou ale nan bouk la chak madi.

Amòs respekte tout granmoun.



---

## An nou itil zòn nan




### Prediksyon pa m


1. Li tit istwa a. Apre sa, reflechi sou sa ki pral pase nan istwa a.
2. Gade desen an byen. Apre sa, mande tèt ou sou ki sa istwa sa a pral pale.
3. Pataje ak kamarad ki bò kote w la sa ou panse ki pral pase nan istwa a.

## Leson 36

Mwen asekte mwen ka pèdi nan yon jwèt.



mab



men



Mwen gen fòm won.

Mwen gen tout koulè.

Lè mwen gwo, yo rele m bika.

Lè mwen bèl anpil, yo rele m chelèn.

Timoun renmen teke m.

Lè mwen teke byen, yo rele m boulpik.

Mwen se \_\_\_\_\_.



jwe      pou      genyen      mande      goumen  
nou      kou      tonbe      fache      konn



Timoun pa dwe goumen.

Jilbè konn li byen.

# Kenòl fache ak Janin



Kenòl ak Janin t ap jwe mab. Move chans pou Kenòl, Janin genyen l tout mab li yo. Kenòl pèdi. Li fache.

Li mande Janin goumen. Janin di :

— Nou se de zanmi, nou pa dwe nan goumen.

Kenòl fache pi rès. Janin di :

— Mwen pa konn fache lè se ou ki genyen.

Li pase men nan kou Kenòl epi yo tonbe ri.

## Kesyon


1. Ki jan yo rele de timoun ki t ap jwe mab yo ?
2. Pou ki sa Kenòl te fache ?
3. Èske Janin te goumen ak Kenòl ? Pou ki sa ?
4. Ki jès Janin te fè ?
5. Ki sa nou konn fè lè nou pèdi nan yon jwèt ?

## Leson 37

Mwen piti men mwen gen lespri.



ravèt



poul



Dlo bay lavi.

Mwen pote lavi.

Lè lapli tonbe mwen vin pi fò.

Pa ka gen rivyè san mwen,  
mwen se kote dlo soti nan tè a.

Mwen se \_\_\_\_\_.



vizite

sourit

poul

pè

zèl

kòmanse

satiyèt

fòs

rakonte

ri



Joslin ri byen fò.

Jilbè vizite matant Jàn.

---

## Yon ravèt entelijan



### Prediksyon pa m

1. Li tit istwa a. Apre sa, reflechi sou sa ki pral pase nan istwa a.
2. Gade desen an byen. Apre sa, mande tèt ou sou ki sa istwa sa a pral pale.
3. Pataje ak kamarad ki bò kote w la sa ou panse ki pral pase nan istwa a.

# Leson 38

M ap ede moun ki nan pwoblèm.



mòn



falèz



Mwen se yon gwo twou nan tè a.

Yo fouye mwen ak pèl ak pikwa.

Mwen toujou gen bon dlo pwòp.

Pou moun ka pran dlo,

yo itilize so ak kòd.

Yo kouvri mwen poutèt pay, bèt ak timoun.

Mwen se \_\_\_\_\_.



viv      jou      pandan      desann      pye


pre      do      jiskaske      kontan      difilkite



Pyè kontan wè Janèt.

Ti bebe a kouche sou do.

# Matin tonbe




Matin ap viv sou yon tèt mòn. Yon jou pandan l ap desann, pye li glise. Li tonbe, li woule, pye li foule. Wolan, gran kouzen li a, al leve li. Li pote Matin sou do l jis li rive lakay. Matin di li mèsi. Li konnen jan Wolan toujou pare pou ede moun ki nan pwoblèm.

## Kesyon


1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki kote Matin ap viv ?
3. Ki sa ki rive li ?
4. Kilès ki ede li ?
5. Ki sa Wolan fè ?

# Leson 39

Mwen itil peyi m.



tonèl



tablo



Mwen se yon ti kay  
ki kouvri an pay.

Yo konn bare m ak fèy kokoye.

Pafwa mwen fè kizin.

Pafwa, mwen se kote moun vin bay blag.

Mwen se \_\_\_\_\_.



granmoun kot netwaye

konstwi ban fè majistra

fèt viv toupatou




Jilyo ap netwaye ban yo.

Bòs mason yo ap konstwi yon pon.



---

## Anba tonèl




### Prediksyon pa m

1. Li tit istwa a. Apre sa, reflechi sou sa ki pral pase nan istwa a.
2. Gade desen an byen. Apre sa, mande tèt ou sou ki sa istwa sa a pral pale.
3. Pataje ak kamarad ki bò kote w la sa ou panse ki pral pase nan istwa a.

# Leson 40

Manje peyi m se pa m.



bannann peze



nwa



Mwen renmen manje zèb.

Lè mwen grangou mwen ranni,  
yo mete makout sou do m,  
yo mete baboukèt nan bouch mwen,  
depi yo bezwen al nan mache yo sele mwen.

Mwen se \_\_\_\_\_.



ane tout goute Brezil bwè  
bouyon Ajantin bon se yon



Brezil gen gwo jwè foutbòl.  
Enòk renmen bwè ji papay.

# Yon bèl eksperyans

Ane pase, Dafi te al pase vakans Dammari, kay Tonton li. Li te amize li anpil. Li te al flannen sou plas la ak kouzen li yo. Yon jou,



pandan li sot benyen nan rivyè a, yon sèl grangou pran li. Aaa ! Dafi te mache prese pou li rantre lakay li. Lè li rive, manje a sou dife. Dafi pa ka tann ! L ap plenyen. Yon lòt moman, yo mete manje a sou tab la. Dafi pran fouchèt li, li kòmanse manje. Li di tonton li :

— Manje sa a bon.

Tonton an reponn :

— W ap manje tonmtonm. Se yon bon manje kreyòl !

## Kesyon

1. Kilès ki te al pase vakans kay tonton li ?
2. Nan ki zòn li te al pase vakans lan ?
3. Ki sa ki te rive apre li fin benyen nan rivyè a ?
4. Pou ki sa li t ap plenyen ?

# Leson 41 Revizyon

---

Mwen konn sa mwen pa ka fè.

---



Tout bèt sou latè itil.

Kit yo nan bwa, kit yo lavil,


Pwoteje lavi bèt yo.

Pa fè vyolans sou yo,

Ba yo yon chans,

Sa ap fè plis sans.

---



travèse bras tranble pye

boulvèse aprann tonbe do

vit dlo

---



Pwason an sove zandolit la.

Pwason an gen anpil kal sou li.

---

# Pwason sove zandolit



Yon ti zandolit vèt, ke long t ap pwomennen bò yon rivyè. Li wè yon gwo pwason woz. Pwason an di :

— Ki sa ou genyen zanmi ?

Zandolit la reponn :

— Mwen ta renmen konn naje menm jan avèk ou.

Pandan zandolit ap pale ak pwason an, pye li glise, li tonbe nan rivyè a. Zandolit kòmanse rele :

— Anmwe ! M ap neye.

San pèdi tan, pwason voye zandolit sou do li. Li mete zandolit deyò. Depi lè sa a, zandolit pwomèt pwason l ap aprann naje pou li ka sove lavi li, si li ta tonbe nan dlo yon lòt fwa.

## Leson 42 Revizyon

---

M ap jete fatra nan poubèl.

---



Pou lavi nou ka dire,  
Fòk nou fè pwòpte.

Sa a se vre

Pou peyi nou ka bèl,  
Fòk nou met poubèl.

Sa a se vre

Ala bèl bagay se pwòpte !

---



poubèl      anbyans      jete      jès  
bourèt      kèk      viv      netwaye  
plas      kwen

---



Timoun yo toujou jete fatra nan poubèl.  
Kèk timoun ap monte balansin sou plas la.

---

# Yon bon aksyon



Dimanch apremidi, Karin ak Niva al bwè krèm sou plas la. Yo chita sou yon ban. Plas la pwòp. Y ap gade timoun k ap monte bekàn ak lòt k ap bwè krèm. Gen kèk timoun ki amize yo jete sachè krèm pa yo atè. Men Karin ak Niva wè de lòt ki jete sachè yo nan poubèl la. Karin ak Niva felisite de timoun yo pou bèl jès sa a. Niva di timoun yo :

— Plas nou an ap rete bèl si tout moun fè menm jan ak nou.

Timoun yo souri epi yo di :

— Mèsi.

# Leson 43 Revizyon

---


Zwazo renmen libète.

---



Depi Milin souri,  
Tout pyebwa tonbe fleri.  
Depi Milin souri,  
Tout timoun tonbe ri  
Pou lavi ka bèl  
Pou ti zwazo pouse zèl.

---



vizite	twòp	pyèj	pasyans
tèt	libète	fyè	saj
pwovizyon	nasyonal		

---



Tout timoun renmen libète.  
Mak libere Jako a.

---



# Mak libere jako

Mak gen yon jako.  
Plim li vèt, tèt li wouj.  
Mak toujou ap jwe  
ak li. Li ba li manje.  
Li netwaye kalòj la lè  
li sal.

Yon jou, jako di l :  
— Mwen bouke viv nan  
kalòj sa a. Mwen pa ka  
vole ale lwen. Mwen pa  
ka wè jako parèy mwen.  
Mwen nan prizon.

Mak reponn li :

— Si mwen lage ou pwomèt mwen ou ap toujou vin  
wè mwen.

Mak ouvè pòt kalòj la. Li di Jako :

— Ou lib.

Jako kontan. Li vole l ale poze sou yon pye palmis.

Li di :

— Ala bèl bagay se libète.



## Leson 44 Revizyon

---

M ap travèse lari ak anpil prekosyon.

---



M ap respekte limyè sikilasyon yo.

Lè gen limyè jòn m ap kanpe.

Limyè wouj m ap travèse.

Limyè vèt se pou machin sikile.

Lari a se pou nou tout.

Se youn ki pou pwoteje lòt.

---



fanatik      byen      sitwayen

respekte      vit      debake      pyès

wout      konsèy      fwa

---



Sitwayen yo renmen peyi yo.

Fanatik yo ap chofe ekip yo.

---

# Yon ti konsèy

Poul rankontre  
ak kana sou wout  
nasyonal nimewo  
en an. Poul di :

— Dat mwen wè  
ou kanpe la a, sa  
ou genyen ?

Kana reponn :

— Se pa dat

mwen bezwen travèse lari a la a mwen pa ka  
travèse.

Poul la di li :

— Lè ou bezwen travèse nan yon ri ki gen anpil  
machin k ap monte desann men sa pou fè : Gade  
agoch apre sa gade adwat. Depi ou pa wè pyès  
machin travèse byen vit.

Kana di poul :

— Mèsi anpil pou bèl konsèy sa a.

Depi lè sa a, chak fwa Kana ap travèse lari li fè sa  
san pwoblèm.



## Leson 45 Revizyon

---

M ap respekte moun ki andikape yo.

---



Limaj pa gen anpil laj.

Men li gen lizaj

Li gen bon jan

L ap viv lontan.

---



andikap      fin      fawouche      janm

merite      defansè      jan      santi

laj      vin

---



Fanya fin etidye byen bonè.

Dimi se defansè tout timoun.

---

# Nènè korije

Depi vandredi  
aprèmidi  
rive, Jàn ak  
Lilin toujou  
al flannen  
nan bouk la.  
Yon vandredi,  
pandan y ap  
pase bò legliz



la, yo wè Nènè k ap fawouche yon mesye avèg.

Lilin di Nènè :

— Lè ou rankontre yon moun ki gen yon andikap,  
ou dwe ede li, pa fawouche li.

Nènè di :

— Sa n ap vin di m la a.

Lilin reponn :

— Yo se moun menm jan ak nou, yo merite respè.  
Lè Lilin fin di sa, Nènè santi li jennen. Li pwomèt  
Lilin ak Jàn li p ap janm fè sa ankò. Depi jou sa  
a, Nènè vin tounen pi gwo defansè moun ki gen  
andikap.







Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen a, gras a yon èd ki soti nan ajans ameriken U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li – ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Jiyè 2014